



Pou Piblikasyon Imedya: 13/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL, MAJISTRA BROWN AK KOMISYON MEMORYAL 14/05 LAN DEWALE KONSEPSYON FINAL MEMORYAL K AP ONORE VIKTIM FIZIYAD TOPS YO NAN BUFFALO**

*Gouvènè a anonse yon lòt angajman Eta a nan 4.1 milyon dola, ki mennen finansman total Eta a rive nan 5 milyon dola*

*Yo te chwazi "Seeing Us" nan mitan 20 soumisyon epi se rezilta kanpay angajman piblik ki dire plizyè mwa ki te ede gide pwosesis konsepsyon an*

*Gade reprezantasyon grafik yo [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul, Majistra Vil Buffalo a Byron W. Brown, ak Komisyon Memoryal 14/05 (5/14 Memorial Commission) la, ansanm ak fanmi moun ki pèdi ak blese yo ak lòt moun ki gen enterè nan kominote a jodi a te devwale konsepsyon final yon memoryal pèmanan ki onore viktim fiziyad pou rezon rasyal nan dat 14 me 2022 nan Tops nan Buffalo. Yo te chwazi "Seeing Us", ki fèt pa Jin Young Song ak Douglass Alligood, nan 20 soumisyon epi li se youn nan twa finalis Komisyon an te chwazi. Gouvènè Hochul te anonse tou yon investisman Eta a adisyonèl 4.1 milyon dola nan direksyon anplasman, konsepsyon ak konstriksyon memoryal la, sa ki mennen angajman total eta a nan 5 milyon dola.

"Pandan n ap pwoche dezan anivèsè solanèl lè yo te touye vwazen nou yo san sans sèlman akòz koulè po yo, nou re-angaje tèt nou nan sipòte kominote East Buffalo a, sonje moun nou te pèdi yo, epi sipòte moun ki te blese yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Devwalman konsepsyon final jodi a ke Komisyon Memoryal 14/05 lan te chwazi a se akimilasyon anpil reyinyon ak konvèsasyon ak fanmi moun ki afekte yo ansanm ak kominote a. Mwen remèsye Majistra Brown, Reveran Blue ak manm Komisyon an pou efò yo fè pou abòde gwo travay sa a pou onore lavi ak eritaj moun nou te pèdi yo ak kominote ki te afekte pa trajedi sa a."

**Majistra Vil Buffalo a, Byron Brown te deklare,** "Dezyèm anivèsè Fiziyad Massif pou Rezon Rasyal 14/05 lan ap rive sèlman nan kèk èdtan. Li se, epi li pral toujou rete, yon mak sonb nan istwa vil nou an. Vil nou an ak rejyon nou an kontinye nan lapenn pou lavi yon sipremasis blan andeyò vil la te retire nan jou sa a. Mwen fyè de tout travay Komisyon Memoryal 14/05 la fè pou kreye yon memoryal ki reflekte volonte fanmi yo ak

kominote a. Mwen remèsye tou òganizasyon ak biznis ki te ede nou nan pwosesis sa a."

Konsepsyon final la pwopoze dis pilye ki konekte ansanm, ki enskri ak non viktim yo ak sivivan yo, yo chak avèk yon ak avèk wotè inik, ki kouvri ak wòch. Li prezante tou yon gwo bilding sipò ki opere kòm yon sant santral pou edikasyon, ekspozisyon, aktivite kominotè, rasanbleman, ak evènman. Vizitè yo pral jwenn tou yon Pwomnad Memoryal ki elve sou do kay sipò bilding lan.

Konsepsyon final la swiv yon [kanpay angajman piblik](#) ki te kòmanse an me 2023, ki te enkli reyinyon piblik ak yon sondaj kominotè. Sondaj kominotè 14/05 Komisyon Memoryal la bay piblik la yon chans pou pataje panse ak santiman sou karakteristik ak eleman ki enkli nan Memoryal 14/05 lan.

Yo te aksepte ven soumisyon konsepsyon yo soti 1 novanm jiska 18 desanm 2023, ak konsepsyon sa yo ki redwi a twa finalis. Komisyon Memoryal 14/05 lan te travay ak fanmi moun ki te pèdi ak blese yo nan dat 14 me 2022 epi finalman yo te chwazi konsepsyon final la ak opinyon yo.

Souvni pèmanan an prevwa koute prèske 15 milyon dola kounye a epi Komisyon an pral kòmanse yon kanpay pou ranmase lajan ki dire tout ane a pou rasanble rès lajan ki nesèsè pou kòmanse travay la. Gouvènè Hochul te anonse deja yon premye investisman 900,000 dola epi li te anonse yon lòt 4.1 milyon dola. Majistra Brown te anonse byen bonè nan mwa sa a ke Vil Buffalo ta kontribye 1 milyon dola nan Memoryal la.

Aprè atak laterè sipremasis blan 14 me 2022 a nan Tops Friendly Markets, Gouvènè Hochul te anonse [50 milyon dola nan investisman sible](#) kòm yon pati nan efò kontinyèl eta a pou reponn a bezwen imedyà kominote a. Gouvènè a te anonse yon [investisman 10 milyon dola adisyonèl](#) nan premye anivèsè fiziyad trajik la. Eta New York pral kontinye kowòdone avèk gouvènman federal la, vil, konte, patnè filantwopik ak biznis, ak lidè lokal yo pou adrese bezwen alontèm nan kominote a.

Sila yo ki pèdi lavi yo nan fiziyad masif 14 me a se Pearl Young, Ruth Whitfield, Margus D. Morrison, Andre Mackniel, Aaron Salter Jr., Geraldine Talley, Katherine Massey, Roberta A. Drury, Heyward Patterson, ak Celestine Chaney. Sivivan ki blese yo se Zaire Goodman, Jennifer Warrington, ak Christopher Braden.

**Prezidan Komisyon Memoryal 14/05 lan, Reveran Mark E. Blue, te deklare,** "Mwen te di li depi nan konmansman pwosesis sa a, ke nou gen yon sèl moman pou byen fè li. Nou revize soumisyon yo. Nou te pale ak fanmi yo, epi mwen gen konfyans ke nou te fè yon bon chwa. Sa ki te pase 14/05 lan se te yon zak vyolans san sans epi se te yon zak rayisans. Se entansyon mwen pou asire nou gen yon memoryal ke fanmi yo ak kominote yo ka fyè de li."

**Reprezantan Tim Kennedy, te deklare,** "Vil nou an kontinye pran lapenn pèt dis bèl nanm yo te vòlè nan men nou nan dat 14/05 lan. Nou mete tèt ansanm kòm yon kominote pou sipòte fanmi yo ki pèdi moun yo renmen yo epi li apwopriye pou nou mete tèt ansanm yon lòt fwa ankò pou anonse seleksyon an pou yon memoryal pèmanan ki pral onore lavi lanmou, devouman, ak jantiyès ke chak nan viktim move zak sa a te mennen. Nou pral kontinye onore memwa yo, jan yo merite."

**Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare,** "Kominote nou an ak fanmi nou yo kontinye geri pandan n ap pwoche nan 2èm anivèsè yon jounen trajik nan istwa Buffalo. Nou se yon kominote ki solid ak rezistan, Vil ki gen Bon Vwazen, epi nou pral kontinye bezwen sipò kontinyèl. Mwen felisite Gouv. Hochul, Majistra Brown, Rev. Blue ak manm Komisyon 14/05 lan pou efò yo nan chwazi yon konsepsyon memorial pou byen onore lavi ak souvni moun nou te pèdi nan yon zak teworis nasyonal san sans. Mwen pa ka tann pou m ede ak wè pwodwi final la."

**Lidè Majorite Konsèy Komen Buffalo a, Leah M. Halton-Pope, te deklare,** "Pandan n ap pwoche mak dezan depi masak lavi 10 inosan nan kominote nou an pou rezon rasyal, memoryal sa a pral non sèlman komemore pèt trajik yo, men tou, li pral kenbe detèminasyon nan angajman kolektif nou an pou konbat rasis, rayisans, ak entelorans. Pandan n ap kontinye goumen kont rasis nan peyi nou an epi n ap avanse, se pou memoryal sa a briye kòm yon senbòl souvni, fòs, ak solidarite kont prejije ak vyolans. Mwen eksprime apresyasyon mwen bay Gouvènè Hochul, Majistra Brown, ak manm devwe Komisyon Memoryal 14/05 lan pou devouman yo pou memoryal sa a."

**Manm Konsèy Zeneta B. Everhart, te deklare,** "Pandan n ap pwoche dezan depi lè 14/05 lan, mwen reflekte non sèlman kòm Fanm nan Konsèy Distri Masten lan oswa yon lidè eli, men kòm yon manman ki te santi doulè atwòs vyolans ak zam pèsonèlman. Pakou rekiperyasyon pitit gason m lan se yon temwayaj sou rezistans kominote nou an, men li se tou yon rapèl sevè sou sikatris ki rete dèyè nan jou 14/05 trajik sa a. Pandan n ap onore memwa moun nou te pèdi yo epi n ap kontinye sipòte moun ki te blese yo epi ki toujou ap rekipere, ann pa bliye gwo blesi ki rete nan vil nou an ak kominote nou an. Devwalman konsepsyon final la pou memoryal la se pa sèlman bati yon moniman; li gen pou wè sou tise ansanm fil chagren kolektif nou yo ak rezistan nou nan yon tapi souvni ak espwa. Se pou Memoryal sa a kanpe kòm yon limyè inite ak jistis, pou raple nou tout ke nou pi fò ansanm devan rasis, rayisans, ak vyolans. Mwen vle remèsye tou Gouvènè Hochul, Majistra Brown, ak manm komisyon an pou devouman ak angajman nou pataje pou onore memwa moun nou te pèdi 14/05 lan."

### **Komisyon Memoryal 14/05 lan**

Gouvènè Hochul ak Majistra Byron Brown te [kreye](#) komisyon an nan mwa oktòb 2022 pou reponn ak fiziyad masif nan yon Tops Friendly Market nan Jefferson Avenue an me 2022. Komisyon Memoryal 14/05 la gen onz manm, senk nonmen pa Gouvènè a, senk nonmen pa Majistra Vil Buffalo Brown, ak yon prezidan ki nonmen ansanm pa tou de. Prezidan Buffalo NAACP la, Reveran Mark E. Blue, ap sèvi kòm Prezidan Komisyon an ak lòt manm ki gen ladan manm fanmi viktim yo ak sivivan yo, rezidan yo, atis lokal yo,

ak lidè biznis yo. Pou plis enfòmasyon sou Komisyon Memoryal 14/05 lan,  
vizite [www.514memorial.com](http://www.514memorial.com).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)